

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan estirèn. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Ou pi ka ekspoze nan estirèn lè ou respire lè andedan kote ki kontamine avèk vapè estirèn nan materyo konstriksyon, lafimen tabak, ak itilizasyon machin fotokopi. Ou ka ekspoze ladan tou si ou respire lafimen machin. Moun k ap travay kote yo itilize oswa fè estirèn gen chans pou yo ekspoze si yo respire lè ki andedan espas travay la. Respirasyon estirèn sa pi ka afekte sistèm nève a. Yo te jwenn estirèn nan omwen 251 sou 1,699 chantye nan Lis ki Gen Priyorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa estirèn ye?

Estirèn se yon likid san koulè ki evapore fasil epi ki gen yon odè dou. Li gen lòt sibstans chimik souvan ki bay li yon odè iritan ak dezagreyab.

Yo itilize estirèn sitou pou fè plastik ak kawotchou. Kèk nan pwodui ki gen estirèn se izolasyon, fib vè, tiyo plastik, pyès machin, soulye, vè pou moun bwè ak lòt veso pou mete manje, ak sipò kapèt.

Pifò pwodui sa yo gen estirèn ki konekte ansanm nan yon chèn long (polistirèn) ak estirèn ki pa konekte.

Kisa k ap pase estirèn lè li antre nan anviwònman an?

- Ou kapab jwenn estirèn nan lè a, nan dlo, ak nan sòl apre pwodui abaz estirèn soti nan manifakti, apre itilizasyon yo, epitou apre eliminasyon yo.
- Li dekonpoze vit nan lè a, anjeneral nan 1 a 2 jou.
- Styrene evapore nan tè ki pa twò fon ak nan dlo sifas. Bakteri oswa lòt mikwo-òganis ka dekonpoze estirèn ki rete nan tè oswa nan dlo.
- Yo pa prevwa estirèn ap anpile nan bèt..

Kijan mwen ta ka ekspoze nan estirèn?

- Si ou respire lè andedan kote ki kontamine avèk vapè estirèn ki nan materyo konstriksyon yo, lafimen sigarèt, oswa itilizasyon machin fotokopi.
- Si ou respire lafimen machin.
- Si ou respire lè kontamine ki nan espas travay ou oswa si po kò ou pran kontak avèk estirèn likid ak rezin.

- Si ou bwè dlo ki kontamine oswa si ou benyen nan dlo ki kontamine.
- Si w ap viv toupre enstalasyon endistriyèl oswa kote ki gen dechè danjere.
- Si ou fimen sigarèt oswa si ou manje sa ki anbale nan veso polistirèn; ti kantite estirèn kapab soti nan materyèl abaz estirèn nan pou antre nan manje a.
- Si ou absòbe nivo fèb estirèn ki soti nòmalman nan yon varyete manje tankou fwi, legim, bwa, bwason, ak vyann.

Kijan estirèn kapab afekte sante mwen?

Si ou rale nivo wo estirèn (plis pase 1,000 fwa pi wo pase nivo yo jwenn nòmalman nan anviwònman an), ou ka gen efè sou sistèm nève ou tankou chanjman nan fason ou wè koulè, fatig, w ap santi ou sou, tan reyaksyon ou ap ralanti, pwoblèm konsantrasyon oswa pwoblèm ekilib.

Yo te obsève pèt odisyon sou bèt ki te ekspoze nan konsantrasyon estirèn ki te wo anpil. Yo te obsève chanjman nan pawa nen yo ak domaj nan fwa sou bèt ki te ekspoze nan gwo konsantrasyon estirèn, men bèt yo ka pi sansib pase moun nan efè sa yo.

Kijan estirèn kapab lakòz kansè?

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Services (DHHS)], Pwogram Nasyonal Toksikoloji [National Toxicology Program (NTP)] te mete estirèn sou lis kòm yon "sibstans yo prevwa avèk rezon ki se yon sibstans kasinojèn pou imen" nan Rapò sou Sibstans Kasinojèn yo, Douzyèm Edisyon, ki te soti nan dat 10 jwen 2011.

Ajans Entènasyonon pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)] detèmine estirèn se yon posib sibstans kasinòjèn pou imen.

Kijan estirèn kapab afekte timoun?

Pa gen etid yo fè pou evalye efè estirèn lè timoun oswa bèt ki poko rive nan matirite. Gen posiblite pou timoun yo ta ka gen menm efè sou sante yo avèk adilt yo. Nou pa konnen si timoun yo ta pi sansib pase adilt yo nan efè estirèn.

Etid yo fè sou travayè te egzamine si estirèn kapab lakòz tibebe fèt avèk malfòmasyon oswa avèk yon gwosè ki piti; men, rezilta yo pa klè. Yo pa t obsève ti bèt ki fèt avèk malfòmasyon nan etid yo te fè sou bèt.

Tibebe ki nan tete kapab ekspoze nan estirèn nan lèt manman.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan estirèn?

- Estirèn se yon eleman lafimen tabak. Pa rete nan lafimen ki nan espas fèmèn tankou andedan kay oswa nan vwati pou pa kite timoun yo ak lòt fanmi yo ekspoze ladan twòp.
- Lè w ap machin fotokopi nan kay gen estirèn ki degaje. Fanmi yo ta dwe itilize yon machin fotokopi kay sèlman lè li nesèsè, epitou yo ta dwe etenn li lè yo fini. Li enpòtan tou pou toujou kite chanm ki gen machin fotokopi a byen ayere .

Èske gen yon tèl medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan estirèn?

Yo kapab mezire estirèn ak pwodui dekonpoze li yo nan san ou, nan pipi ou, ak nan tisi kò ou. Estirèn soti nan kò ou vit. Si ou fè tèl la nan yon jou, yo kapab estime vrè kantite ou te ekspoze ladan an. Men, li difisil pou prevwa kalite efè sa ta ka gen sou sante ou lè ou te ekspoze ladan.

Pwodui dekonpoze estirèn yo kapab fòme nan kò a lè ou ekspoze nan lòt sibstans.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmasyon pou pwoteje sante moun?

EPA detèmine lè yon timoun ekspoze nan estirèn nan dlo pou bwè nan konsantrasyon 20 mg/L pandan 1 jou oswa 2 mg/L pandan 10 jou yo pa prevwa sa ap lakòz okenn efè segondè sou timoun nan.

EPA detèmine si yon moun ekspoze pandan tout lavi li nan 0.1 mg/L estirèn yo pa prevwa sa ap lakòz okenn efè segondè sou li.

Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman [Food and Drug Administration (FDA)] detèmine konsantrasyon estirèn nan boutèy dlo pou bwè pa ta dwe depase 0.1 mg/L.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Health and Safety Administration (OSHA)] limite kantite tan travayè yo ekspoze nan yon mwayèn 100 ppm pou yon jounen travay 8 èdtan sou yon semèn travay 40 èdtan.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2010. Toxicological Profile for Styrene (Update). Atlanta, GA: U.S. Department of Public Health and Human Services, Public Health Service.

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2011. Addendum to the Toxicological Profile for Styrene (Update). Atlanta, GA: U.S. Department of Public Health and Human Services, Public Health Service. http://www.atsdr.cdc.gov/toxprofiles/styrene_addendum.pdf.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.